



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KWASANS 150 POUSAN NAN FABRIKAN
BWASON ATIZANAL AGRIKÒL YO DEPI PREMYE SOMÈ SOU BYÈ, DIVEN, LIKÈ
AK SID LA AN 2012**

Gen plis pwodiktè bwason atizanal ki chwazi engredyan New York pou pwodui yo

Pèmi fabrikasyon agrikòl yo rekonpanse pwodiktè ki achte lokalman yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kantite fabrikan bwason atizanal ki gen pèmi agrikòl yo ogmante pa plis pase 150 pousan depi premye Somè sou Bye, Diven, Likè ak Sid la (Beer, Wine, Spirits and Cider Summit) te fèt an 2012. Touswit apre Somè a, Gouvènè Cuomo te mete sou pye refòm lejislatif ak règlemantè enpòtan pou favorize biznis bwason atizanal eta a. Depi lè sa a, gen 433 nouvo pèmi bwason atizanal agrikòl ki emèt.

“Endistri bwason atizanal New York la ap pwospere, epi gras a rediksyon fòmalitye administratif ki ralanti devlopman endistri a, nou wè yon gwo kwasans nan kantite fabrikan k ap soutni fèm lokal nou yo epi pouse kreyasyon djòb toupatou nan Empire State la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lakay nou vin gen plis brasri, kav diven, gildiv ak sidri agrikòl pase te janm genyen, donk mwen ankouraje vizitè yo ak fanatik bwason atizanal yo pou yo vin jwi kèk nan bi bon pwodui ki genyen, isit la menm nan New York.”

“Lè m ap vwayaje nan Eta a, youn nan siy lavi ki pi klè nan yon anbalavil se lè gen yon etablisman bwason atizanal”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Gras a retrè obstak yo, nou ouvè nouvo endistri k ap kreye nouvo djòb enteresan toupatou nan Eta a. New York ofri pwodui ki pami pi bon yo nan nasyon an, epi nou fyè pouse pwodiktè bwason atizanal yo epi ankouraje Nouyòkè yo achte lokalman.”

Depi premye Somè Gouvènè a an 2012, Empire State la fè eksperyans yon monte nan fabrikasyon atizanal epi gran majorite kwasans sa a sòti nan pwodiktè agrikòl yo. Pami 523 pèmi fabrikasyon bwason atizanal ki ajoute yo depi premye Somè a an 2012, gen 433 ki se fabrikan nan fèm ki sèvi avèk engredyan agrikòl ki pouse nan New York nan pwodiksyon yo, sa ki reprezante plis pase 80 pousan tout nouvo fabrikan bwason atizanal yo.

Gen yon lis tout kav diven, gildiv, sidri ak brasri agrikòl, pa rejyon ak pa vil ki disponib [isit la](#). W ap jwenn kantite total tout fabrikan agrikòl yo pi ba a pa rejyon:

Rejyon	Total
Rejyon Kapital	72
New York Santral	57
Finger Lakes	149
Long Island	100
Mid-Hudson Valley	106
Mohawk Valley	34
Vil New York	35
North Country	42
Southern Tier	72
Rejyon Lwès New York	48
Total nan Tout Eta a	715

Lejislasyon prensipal yo k ap ede pouse endistri atizanal agrikòl la nan New York se Lwa sou Brasri Agrikòl (Farm Brewery Law) Gouvènè Cuomo a ki te antre an vigè nan dat 1ye Janvyè 2013, epi apre sa aplikasyon nouvo Lwa sou Sidri Agrikòl la (Farm Cidery Law), ki an vigè depi 15 Janvyè 2014. Lwa sa yo reflekte Lwa sou Kav Diven Agrikòl (Farm Winery Act) 1976 la ki te mennen yon gran kwasans kav diven ak pwodiksyon rezen nan Eta New York. Gouvènè a te restriktire lwa sou Kontwòl Bwason Alkòlik yo (Alcoholic Beverage Control) nan eta a tou pou ofri plis privilèj bay fabrikan ki sèvi avèk engredyan ki pouse nan New York, sa gen ladan òganize degistasyon, opere magazen kado k ap vann nenpòt ki diven, byè, sid ak likè agrikòl pa boutèy ak pa vè nan sal degistasyon yo. Fabrikan agrikòl yo gen dwa ouvè sikisal magazen tou, epi gen 127 pwodiktè agrikòl k ap opere sal degistasyon gratis andeyò fèm lan nan tout eta a.

Gras a refòm sa yo, gen plis fabrikan k ap chwazi pèmi fabrikasyon agrikòl epi nan chak kategori bwason atizanal, gen plis pèmi agrikòl pase nenpòt ki lòt tip. Kounye a New York gen lakay li 348 kav diven agrikòl, 202 brasri agrikòl, 123 gildiv agrikòl ak 42 sidri agrikòl.

Anplis de sa, 80 kav diven agrikòl, 29 brasri agrikòl, 12 gildiv agrikòl ak 6 sidri agrikòl ouvè sikisal magazen gras a lejislasyon ki otorize brasri, sidri ak gildiv agrikòl yo ouvè sikisal magazen. Kwasans nan kantite pèmi agrikòl yo mennen yon ogmantasyon demann nan pou pwodui agrikòl lokal nan New York ak yon asosyasyon ant sektè bwason atizanal, touris ak agrikilti yo.

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta (State Liquor Authority), te deklare, “Gouvènè Cuomo te rekonèt depi nan kòmansman valè pwodiktè atizanal yo genyen non sèlman pou pwòp biznis pa yo, men pou ekonomi tout Eta a tou. Politik yo pwomilge pandan sèt lane ki sot pase yo tankou paregzanp modènizasyon lwa yo, rediksyon taks yo, eliminasyon frè yo, ak kreyasyon nouvo pèmi agrikòl mennen relèvman endistri bwason atizanal la toupatou nan Eta New York”.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard Ball, te deklare, “Se yon bagay ekstrawòdinè pou wè eksplozyon fabrikasyon bwason atizanal la nan tout Eta New York la. Avèk chak nouvo brasri, kav diven, sidri ak gildiv, pwodiktè yo ap soutni nouvo djòb, touris ak kwasans nan sektè agrikòl la. Nou fèk kòmanse tire pwofi plen potansyèl endistri bwason atizanal nou an epi mwen pa ka tann kontinye travay avèk Gouvènè a, pwodiktè yo ak kolaboratè nan rechèch nou yo pou kenbe elan sa a”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Gras a etablisman pèmi agrikòl yo, Eta New York chanje peyizaj bwason atizanal la epi jodi a endistri a ap pwospere. Pwodiktè agrikòl nou yo ap kreye djòb, soutni ekonomi rejyonal yo epi ankouraje touris nan tout eta a”.

Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikòl la (Committee on Agriculture), te deklare, “Se yon bagay eksepsyonèl pou wè jan endistri bwason atizanal la isit la nan Eta New York devlope nan ti bout tan sa a. Nou gen pwodiktè ki non sèlman ap kreye bwason ki gen gou ekselan, men ki epitou ap mete an kontak agrikiltè k ap fè travay enkwayab nou yo ki kiltive menm engredyan sa yo y ap itilize yo. Mwen fyè defann chanjman ki ede endistri a devlope, kreye nouvo djòb, atire plis vizitè epi pouse ekonomi yo nan tout eta nou an - epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo, epitou Komisè Ball pou kolaborasyon yo nan efò sa a”.

Senatè Rich Funke, ki se Prezidan Komite Zafè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare, “Depi antre an fonksyon mwen, mwen wè avèk je pa mwen vag pwospèrite ekonomik endistri bwason atizanal agrikòl la konnen nan rejyon Finger Lakes la, epi ki reprezante yon eleman kle nan prèske 3 milya dola ki jenere gras a depans touris nan pati sa a nan eta a sèlman. Kòm Prezidan Touris, wòl prensipal mwen se fè Eta New York pi akeyan pou Touris, gras a rediksyon fòmalitye administratif ak adopsyon mezi ki gen sans pou pouse kwasans biznis epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk kòlèg mwen yo pou kontinye pwofite nouvo reyisit sa a”.

Manm Asanble William Magee, Prezidan Komite Agrikòl la, te deklare, “Nou aleje restriksyon yo epi nou redui fòmalitye administratif yo pou pwodiktè yo sa ki pèmèt sidri, gildiv, kav diven ak brasri agrikòl yo devlope epi pwospere. Sa ranfòse biznis sa yo, pouse ekonomi nou an epi ede kreye djòb epi an menm tan pote avantaj pou sektè agrikòl la epitou touris lokal la”.

Manm Asanble Daniel O'Donnell, ki se Prezidan Komite Devlopman Touris, Pak, Atizay ak Espò a (Committee on Tourism, Parks, Arts and Sports Development), te deklare, “Somè sou Byè, Diven, Likè, ak Sid la gen yon efè sèten sou endistri bwason atizanal la. Pèmi agrikòl yo montre avantaj kore pwodiktè kominotè pi piti yo. Se yon bèl bagay, pou New York ak pou tout peyi a”.

Direktris Egzekitif Asosyasyon Sid New York (New York Cider Association), Jennifer Smith, te deklare, “Bèl konbinezon sa a ant agrikilti ak devlopman ekonomik ki te jwenn ankourajman gras a pèmi fabrikasyon agrikòl yo jwenn yon ekspresyon pwisan nan kwasans Sid New York la, yon kategori kote aborikiltè fwitye yo kapab ogmante valè pòm yo an menm tan y ap afime idantite New York kòm yon lidè nan

bwason atizanal ak kilti kilinè. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou vizyon li an pou endistri nou an”.

Sam Filler, Direktè Ekzekitif New York Wine & Grape Foundation, te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, endistri bwason atizanal New York la ap kontinye devlope a vitès istorik, epi konsa soutni non sèlman kav diven, brasri, sidri ak pwodiktè likè agrikòl yo, men epitou kiltivatè nou yo nan tout New York. Gras a angajman Gouvènè Cuomo ak Eta a, endistri nou an ap kontinye devlope epi pwospere”.

Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare, “Avèk plis pèmi agrikòl pase pèmi pou mikwo-antrepriz nan New York, li klè kalite lòj ak woublon nou kiltive lokalman yo pi bon pase jan li te janm ye. Gras a jan Gouvènè a pran devan avèk lejislasyon agrikòl yo, devlopman byè atizanal la atenn nivo rekò nan eta nou an, epi kalite byè a pami sa ki pi bon nan peyi a”.

Prezidan Konfreri Distiyè New York la (New York Distillers Guild), Cory Muscato, te di, “Eta New York se anblèm nan pou refòm nan lwa sou bwason alkolik nan tout nasyon nou an. Se sitou poutèt entwodiksyon epi reyisit pèmi agrikòl yo nan tout sektè fabrikasyon bwason atizanal yo. Non sèlman pèmi agrikòl la ankouraje pwodiktè yo chwazi agrikilti NYS lokal nan plas resous ki sòti andeyò eta a, men sa ki pi enpòtan li aji kòm yon akseleratè pou enpòtans ak patisipasyon k ap ogmangte nan yon kilti konsomasyon atizanal nou vin wè byen nan anpil nan kominote nou yo. Endistri likè a isit la nan New York pa t ap kote li ye jodi a san yon Gouvènè ak yon Kò Lejislatif ki ouvè epi dispoze travay pou epi avèk nou, ap defann pwodui nou yo isit nan eta a epi lòt kote”!

Kounye a, Eta New York klase pami senk pi meyè eta Ozetazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen nan chak kategori. Eta a klase premye nan Etazini pou kantite pwodiktè sid yo, dezyèm pou kantite gildiv atizanal yo, katriyèm nan peyi a pou kantite total kav diven yo, epi twazyèm nan peyi a pou kantite total brasri yo.

Chanjman sa yo non sèlman entwodwi yon eklozyon nan endistri bwason atizanal la, men tou yo te jenere anlwa ak devlopman ekonomik pou endistri yo sipòte yo, ki gen ladan miz an boutèy, konstriksyon, kagezon, enprimri ak piblisite. Agrikilti New York la te benefinsye dirèkteman de lejislasyon sou Brasri Fèm ak Sidri Fèm yo atravè ogmantasyon demann pou pwodwi yo kiltive onivo lokal yo. Daprè Inivèsite Cornell la (Cornell University), kantite kawo tè yo kiltive oublon sou yo nan Eta New York la te prèske double soti 2014 rive 2016, epi kantite kawo tè yo kiltive lòj brasri sou yo te ogmante pa 374 pousan nan menm peryòd dezan sa a, soti nan 422 rive apeprè 809 ekta tè. New York gen trèz maltri kounye a tou, yo tout te ouvri aprè demann nouvo lisans brasri fèm lan te jenere. An menm tan, kwasans agwotouris nan sektè bwason atizanal la te plis estimile endistri touris masiv 100 milya dola New York la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)